

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Indonesia mangrupa salasihiji nagara kapuloan anu diwangun ku sababaraha pulo, séké sélér, basa, adat istiadat anu sering disebut kabudayaan. Keanekaragaman budaya anu aya di Indonésia mangrupa hiji bukti yén Indonésia mangrupa nagara anu beunghar ngeunaan budaya.

Kasénian mangrupa salasihiji unsur tina kabudayaan. Luyu jeung anu diébréhkeun ku Danandjaja (2002:21) yén tujuh unsur kabudayaan universal diantarana nya éta sistem réligi, sistem pakakas hirup, sistem kamasarakatan/sosial, basa, kasénian, sistem élmu pangaweruh jeung sistem pakasaban.

Kasénian téh kudu dimekarkeun ngarah tetep dipikaresep ku balaréa sarta henteu tinggaleun jaman. Numutkeun Selo Sumarjan “kasénian salaku salasihiji unsur kabudayaan di hiji masarakat bakal tetep nanjeur atawa tumpur nuturkeun gerak kabudayaan indungna (Durahman 1993:26). Maksudna, kasénian anu bisa nyaluyukeun jeung parobahan pola kahirupan masarakatna bakal tetep nanjeur, sedengkeun anu teu bisa nyaluyukeun bakal tumpur.

Kasénian anu hirup, salawasna mekar sarta luyu jeung pangabutuh batiniah masarakatna. Dina kamekaranana baris kapangaruhan ku kaayaan lingkungan jeung panéka jaman. Kiwari kasénian ngan saukur hiburan wungkul. Padahal dina

kasenian mibanda ajén éstétik anu luhung.

Kabeungharan urang Sunda salasihijina katémbong tina kasenianana. Rupa-rupa kasenian Sunda kayaning jaipongan, karawitan, degung, calung, penca, jsb. anu kiwari beuki kadéséh ku budaya modern. Robahna jaman teu bisa disingkahan. Ieu hal ngabalukarkeun kurangna minat sarta aprésiasi kana widang kasenian hususna. Ku kituna perlu ditarékahan sangkan kasenian tradisional di Jawa Barat, hususna Sunda henteu leungit tur dipikawanoh ku generasi ayeuna.

Salasihiji kasenian sunda anu masih kénéh hirup di tengah kaayaan lingkungan nu sarwa modérn, masih dipiara ogé dipikaresep ku masarakatna nya éta kasenian Bénjang.

Kasenian Bénjang nya éta jenis kasenian tradisional di Tatar Sunda, salasihiji kasenian has anu aya di wewengkon Ujungberung, mangrupa hiji seni bela diri anu tumuwuh sarta mekar di Jawa Barat. Seni bénjang diwangun ku tilu pintonan, diantaranya Bénjang arak-arakan, Topeng Bénjang, sarta Bénjang Gelut. Bénjang arak-arakan nya éta wangun seni arak-arakan pikeun ngarak budak sunatan, seni ieu nyoko kana budaya Islam. Topeng Bénjang, nyaéta wangun tari topeng anu dipagelarkeun dina ahir pintonan Bénjang arak-arakan. Benjang Gelut, nyaéta seni beladiri anu mibanda gerakan olahraga jiga gulat, yudo jeung pencak silat.

Di sagédéngun mekarna kasenian Bénjang di Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung, kasenian ieu ogé miboga sifat folklor-folklor lisan ngeunaan istilah jeung folklor sabagian lisan ngeunaan kapercayaan. Patali jeung tujuh unsur kabudayaan tadi, loba anu nyampak dina kasenian bénjang

diantarana anu patali jeung widang kasenian, basa, élmu pangaweu, kapercayaan/réligi sarta sistem kamasarakatan/sosial.

Kandaga kecap, kabeungharan kecap, kajembaran kecap atawa *kosa kata* dina basa Inggris disebut *lexicon*. Ari asalna mah tina basa Yunani: *lexicon* hartina 'kecap'. Kandaga kecap bisa dihartikeun: (1) sakumna kecap anu aya dina hiji basa, (2) kecap-kecap anu geus dipikanyaho jeung dipaké ku hiji jalma atawa kelompok jalma di hiji wewengkon, (3) daftar sapuratina kecap atawa ungkara anu disasar dumasar kana susunan aksara latén (alfabétis) tina hiji basa, biasana dilengkepan ku wangenan jeung katerangan (Adiwimarta spk., 1986:7).

Nilik kana widang basana, loba kecap-kecap anu dipaké dina ieu kasenian anu merlukeun panalungtikan, ogé jarangna buku-buku anu ngaguar ngeunaan kasenian Bénjang, nu aya ngan saukur dina hiji tulisan dina media cetak atawa elektronik/website, teu cukup pikeun ngawanohkeun ieu kasenian ka balaréa. Hal ieu anu ngahudang panulis pikeun ngalakukeun hiji panalungtikan ngeunaan kandaga kecap (*lexicon*) dina kasenian Bénjang.

Panalungtikan ngeunaan kandaga kecap dina kasenian Bénjang ieu mangrupa salasahiji tarékah pikeun ngawanohkeun deui budaya Sunda anu kiwari masih kénéh aya dikieuna.

Panalungtikan ngeunaan kandaga kecap dina kasenian Bénjang ieu ditaratas sangkan bisa méré kontribusi basa bahan ajar basa Sunda di SMP luyu jeung Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) ngeunaan bahasan kasenian daérah.

Dina widang kabasaan, panalungtikan ngeunaan kandaga kecap geus loba

anu nalungtik diantarana skripsi karya Rizal Nazarudin (2007) nu judulna “Inventarisasi Istilah-istilah Nu Nyampak dina Pencak Silat Palérédan di Désa Sukatani Purwakarta” nu ngadéskripsikeun widang jeung bentuk istilah anu dipaké dina pencak silat Palérédan, skripsi karya Maesyaroh (2004) nu judulna “Istilah Kasenian Kuda Rénggong di Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Kandaga Kecap di SLTP” nu ngadéskripsikeun istilah kasenian Kuda Rénggong dumasar kana basana, istilah waditra, istilah pakéan hias, jeung istilah séjénna nu patali jeung kasenian Kuda Rénggong.

Tina panalungtikan anu ditataan di luhur, tétéla yén panalungtikan ngeunaan kandaga kecap dina kasenian Bénjang can aya nu nalungtik. Anu ngadadasaran ieu panalungtikan dipilih nyaéta perluna ngawanohkeun deui kasenian Bénjang ku cara ngadéskripsikeun sarta ngadokuméntasikeun naon anu disebut kasenian Bénjang, sarta kandaga kecap anu geus meunang nalungtik bisa dijadikeun referénsi bahan ajar basa Sunda di satingkat SMP.

Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Kandaga Kecap dina Kasenian Bénjang Di Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupaten Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Maluruh ngeunaan kasenian Bénjang tangtu bakal lega teuing ambahanana, ku kituna ieu panalungtikan kudu diwatesanan ngan ukur medar ngeunaan

kandaga kecap dina kasenian Bénjang di Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan, dina ieu panalungtikan pasualan anu bakal diguar dirumuskeun dina wangun pananya saperti di handap ieu.

- 1) kumaha deskripsi ngeunaan kasenian Bénjang di Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung?
- 2) kandaga kecap naon waé anu dipaké dina kasenian Bénjang?
- 3) warna jeung wangun kecap naon waé anu kapanggih dina kasenian Bénjang?
- 4) kumaha papasingan kandaga kecap disawang tina waditra, pakakas, pakéan, téhnik/gerak, ibingan, ngaran gelar sarta istilah anu aya patalina dina kasenian Bénjang?
- 5) kumaha implikasina kandaga kecap dina kasenian Bénjang pikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan tinangtu miboga tujuan anu jelas. Anapon tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaeta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kasenian Bénjang anu aya di Désa Ciporéat Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung;
- 2) kandaga kecap anu dipaké dina kasenian Bénjang;

- 3) warna jeung wangun kecap anu kapanggih dina kasenian Bénjang;
- 4) papasingan kandaga kecap disawang tina waditra, pakakas, pakéan, téhnik/gerak, ibingan, ngaran gelar sarta istilah anu aya patalina dina kasenian Bénjang;
- 5) implikasina kandaga kecap dina kasenian Bénjang pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina panalungtikan ieu, nyaeta:

- 1) panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban kandaga kecap basa Sunda, ngeuyeuban wawasan, pangaweruh, sarta ngamumulé tradisi jeung budaya Sunda dina widang kasenian, utamana kasenian Bénjang;
- 2) pikeun dunya atikan, dipiharep bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran di sakola;
- 3) pikeun panalungtik, pikeun nambahan pangaweruh kabudayaan Sunda utamana kasenian Bénjang;
- 4) pikeun masyarakat, sangkan terus ngamumulé kabudayaan Sunda hususna kasenian Bénjang anu geus langka.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa dasar pamikiran anu gunana pikeun dasar panyusunan salaku cecekelan utama. Luyu jeung pamadegan Suyatna

(2002:7) nétélakeun yén anggapan dasar téh nyaéta sakumna bebeneran tiori atawa pamadegan anu dijadikeun dadasar dina hiji panalungtikan.

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) kasenian Bénjang mangrupa kasenian anu kiwari masih kénéh aya tur dipiara ku masarakatna;
- 2) kandaga kecap anu nyampak dina kasenian Bénjang bisa dianalisis dumasar kana kecap anu digunakeun, widang istilah, warna kecap jeung wangun kecap;
- 3) kandaga kecap anu dipaké dina kasenian Bénjang bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca di SMP, luyu jeung Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) ngeunaan bahasan kasenian daerah.

1.6 Wangenan Istilah

- 1) kecap, nya éta wangun basa bébas pangleutikna anu ngandung harti; wangun basa pangleutikna anu bisa madeg mandiri dina kalimah sarta ngandung harti nu tangtu,
- 2) kandaga kecap/kabeungharan kecap, nya éta sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa; kecap-kecap anu geus dipikanyaho jeung dipaké ku hiji jalma atawa kelompok jalma di hiji wewengkon; daftar sapuratina kecap atawa ungkara anu disasar dumasar kana susunan aksara latén (alfabétis) tina hiji basa, biasana dilengkepan ku wangenan jeung katerangan,

- 3) maca, nya éta salasihiji aspék kaparigelan basa salian ti ngaregepkeun, nyarita, jeung nulis. Maca mangrupa hiji prosés, boga tujuan, reseptif aktif, sarta merlukeun téknik nu tangtu.

